

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode Panalungtikan asalna tina dua kecap nyaéta méthode asalna tina basa Yunani *methodos* nu artina cara atawa jalan nu dituju, jeung panalungtikan kecal asalna *research* "re" nyaéta balik "search" nyari. Balik nyari nu dimaksud nyaéta sacara tuluy-tumuluy ngalakukeun panalungtikan ngaliwatan prosés ngumpulkeun informasi pikeun ngaronjatkeun, ngamodifikasi, atawa mekarkeun hiji panalungtikan atawa kelompok panalungtikan.

Nurutkeun Sugiyama (2008), méthode nyaéta hiji tingkatan representasi anu luhur tina jejaring tiori (*theoretical network*) anu biasana didesain ngagunakeun simbol atawa analogis sacara fisik. Sedengkeun nurutkeun Sugiyono (2007), méthode panalungtikan nyaéta cara-cara ilmiah pikeun meunangkeun data anu valid, pikeun tujuan bisa manggih, dimekarkeun, jeung dibuktikeun hiji pangaweruh nu tangtu sangkan bisa digunakeun pikeun maham, mecahkeun, jeung ngantisipasi hiji masalah.

Nurutkeun Arikunto (2013, kc 203), méthode panalungtikan nyaéta cara pikeun ngumpulkeun data dina hiji panalungtikan. Méthode panalungtikan nyaéta skénario dina ngajalankeun panalungtikan anu dilakukeun (Darmalaksana, 2020).

Patalina jeung pamarekan kualitatif, méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analitik. Upaya dina méthode déskriptif bisa ngagambarkeun data anu ditalungtik ayeuna, sarta medar aspék-aspék anu jadi fokus dina panalungtikan éta.

Dina méthode déskriptif analitik, panalungtik miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis hasil panalungtikan mangrupa pedaran struktur carita anu ngawengku: téma, latar/setting, galur/plot, penokohan/tokoh, puseur sawangan, jeung amanat. Satuluyuna, dina ieu hal ngadéskripsikeun ogé ngeunaan hasil analisis carita dina aspék ajén sosialna anu ngawengku: gotong royong/gawé

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVELÉT "JAMPARING" KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)


Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

bareng, silih bantu, rasa pikanyaah, kerukunan, naséhat, paduli kana nasib jalma séjén, jeung ngado'akeun jalma séjén.

Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif. Data kualitatif bentukna déskriptif, mangrupa kecap kecap lisan atawa tulisan ngeunaan paripolah manusa anu bisa ditempo (Taylor & Bogdan, 1984). Pamarekan kualitatif nyaéta panalungtikan anu ngahasilkeun hal-hal nu teu bisa dihontal ngangunakeun prosedur statistic atawa ku cara kuantitatif. Biasana panalungtikan kualitatif bisa nembongkeun tina kahirupan masarakat, sajarah, paripolah, fungsionalisme organisasi, pergerakan sosial, jeung ayana hubungan kekerabatan. Nurutkeun Denzin & Lincoln (dina Moleong, 2011), pamarekan kualitatif nyaéta panalungtikan anu miboga maksud pikeun maham hiji fénoména nu dialaman ku subjék panalungtik tina segi paripolah, persepsi, motivasi, tindakan, jrrd, ku cara ngadéskripsikeun ngagunakeun kecap-kecap jeung basa dina hiji kaayaan.

3.2 Désain Panalungtikan

Hal anu mimiti dina ngalakukeun ieu panalungtikan nyaéta nangtukeun rarancang panalungtik, nu biasana disebut desain panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka nyieun kacindekan. Nurutkeun Silaen (2018, kc 23), désain panalungtikan nyaéta rarancang dina sakabéh prosés anu diperlukeun dina ngarancang jeung ngalaksanakeun panalungtikan.



Bagan 3.1 *Desain* Panalungtikan

3.3 Téhnik Ngumpulkeun jeung Ngolah Data

Aya dua téhnik dina nyangking data tina panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data nyaéta salah sahiji hal anu penting dina panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun data anu bener bisa ngahasilkeun data anu miboga krédibilitas

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVÉLÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nu hadé. Ku kituna, dina rarancang ieu kudu bener-bener jeung kudu dilakukeun sacara cermat sasuai prosedur jeung ciri-ciri panalungtikan kualitatif.

Nurutkeun Riduwan (2015, kc 51), téhnik ngumpulkeun data nyaéta téhnik atawa léngkah-léngkah anu bisa digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun hiji data. Nurutkeun Sugiyono (2005, kc 62), téhnik ngumpulkeun data nyaéta léngkah anu paling strategis dina hiji panalungtikan pikeun nyangking data. Ku kituna, panalungtik kudu bisa apal kana téhnik ngumpulkeun data, sabab lamun panalungtik teu apal kana téhnik ngumpulkeun data moal meunangkeun data anu nyumponan kana standar nu dtiangtukeun.

Téhnik nu digunakeun dina ngumpulkeun data nyaéta téhnik studi pustaka. Ieu téhnik dipaké dina ngumpulkeun data jeung nganalisis data. Cara ngalarapkeun ieu téhnik téh nyaéta maca sumber data nu mangrupa novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé RéTTY Isnéndés.

Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan nu ngagunakeun téhnik studi pustaka nya éta:

- 1) Maca novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé RéTTY Isnéndés;
- 2) Nganalisis jeung nyirian data nu aya patalina jeung unsur intrinsik (téma, latar/*setting*, galur/*plot*, tokoh/penokohan, puseur sawangan, jeung amanat);
- 3) Nyirian ajén-ajén sosial dina novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé RéTTY Isnéndés; jeung
- 4) Nyalin kana kodé data sangkan leuwih babari diolah.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggéus panalungtik ngumpulkeun data, léngkah salajengna nyaéta ngolah data. Nurutkeun Moleong dina Djaelani (2013, kc. 85), téhnik analisis data nyaéta prosés dina ngaruntuykeun data dumasar kana pola, katégori, jeung sajabana. Dina ngolah data pasti ngagunakeun téhnik atawa tahapan-tahapan dina ngolah datana. Dina panalungtikan ieu, aya sababaraha tahapan-tahapan nu digunakeun pikeun ngolah data tina novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé RéTTY Isnéndés, diantaranana:

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVÉLÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a) Mariksa data;
- b) Klasifikasi;
- c) Vérifikasi;
- d) Analisis; jeung
- e) Ngadamel kacindekan.

Dumasar kana pedaran di luhur, téhnik nganalisis novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé Rétyy Isnéndés

- a) Mariksa data-data ngeunaan ajén sosial jeung unsur intrinsik dina novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé Rétyy Isnéndés;
- b) Klasifikasi atawa ngelompokeun hasil-hasil maca ngeunaan ajén-ajén sosial jeung unsur intrinsik tina novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé Rétyy Isnéndés;
- c) Vérifikasi data nu geus di pilah-pilih tina sumber buku karya sastra novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé Rétyy Isnéndés;
- d) Nganalisis atawa néangan data-data nu aya patalina jeung ajén sosial ogé unsur intrinsik dina novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé Rétyy Isnéndés;
- e) Nyieun kacindekan tina hasil analisis novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé Rétyy Isnéndés.

Téknis ngolah data dina ieu panalungtikan maké téhnik analisis. Sangkang leuwih jéntré, ieu di handap baris didadarkeun léngkah-léngkah téhnik analisis data.

1) Téhnik Analisis Struktur Unsur Intrinsik Novélét Rumaja *Jamparing*

Léngkah-léngkah mimiti dina ieu panalungtikan nyaéta nganalisis struktur unsur intrinsik dina novélét rumaja *Jamparing*. Struktur dianalisis dumasar kana unsur intrinsik nyaéta téma, latar, galur, penokohan, puseur sawangan, jeung amanat. Ku kituna anu baris dianalisis nya éta:

- a) Téma;
- b) Latar;
- c) Galur;
- d) Penokohan;

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVÉLÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- e) Puseur Sawangan;
- f) Amanat.

2) Téhnik Analisis Ajén Sosial dina Novélét Rumaja *Jamparing*

Léngkah-léngkah salajengna nyaéta nganalisis jeung ngadéskripsikeun ajén-ajén sosial anu aya dina novélét rumaja *Jamparing*. Ajén-ajén sosialna nya éta:

- a) Gotong royong/ gawé bareng;
- b) Silih bantu;
- c) Rasa Pikanyaah;
- d) Kerukunan;
- e) Méré naséhat;
- f) Paduli kana nasib jalma séjén;
- g) Resep ngado'akeun jalma séjén.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2006), instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun pikeun panalungtikan dina ngumpulkeun data ngarah pagawéanana leuwih gampang jeung hasilna leuwih alus. Hartina dina unggal panalungtikan téh kudu ngagunakeun instrumén panalungtikan sabab dina ngolah data ngahasilkeun data anu sistematis jeung terstruktur. Dina panalungtikan ayeuna ngagunakeun instrumén panalungtikan kartu data jeung tabel.

Dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun instrumén panalungtikan kartu data jeung tabel. Sakabéh data ngeunaan ajén-ajén sosial jeung unsur intrinsik dina novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé Réty Isnéndés disalin kana kartu data sangkan dibéré idéntitas datana. Masing-masing idéntitas anu nuduhkeun téma, latar, galur, penokohan, puseur sawangan, jeung amanat anu saluyu jeung karya sastra dipaluruh deui dina unsur ajén sosialna.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Dina ieu instrumén panalungtikan ngagunakeun tabél data pikeun ngumpulkeun data unsur intrinsik jeung ngumpulkeun data-data ajén sosial.

Tabél 3.1

Instrumén Ngumpulkeun Data Unsur Intrinsik

No	Unsur Intrinsik	Cutatan Carita	Kaca
1.	Téma		
2.	Latar		
3.	Galur		
4.	Penokohan/Tokoh		
5.	Puseur Sawangan		
6.	Amanat		

1) Ajén-Ajén Sosial dina Novélét Rumaja *Jamparing*

Instrumén Ngumpulkeun Data Ajén-Ajén Sosial

No	Ajén Sosial	Cutatan Carita	Kaca

3.4.2 Instrumén dina Ngolah Data

Dina instrumén ngolah data ngagunakeun kartu data pikeun nangtukeun kode data unsur intrinsik jeung kode data ajén-ajén sosial.

1)

Gambar 3.1

Conto Kartu Data Unsur Intrinsik

Kartu Data Analisis Unsur Intrinsik (Téma, Latar, Galur, Penokohan, Puseur Sawangan, Amanat)		
1. Kode Data	:	
2. Struktur Carita	:	
3. Cutatan Carita	:	
4. Analisis	:	

Conto Analisis Unsur Intrinsik dina Novélét Rumaja *Jamparing*

Gambar 3.2

Conto Analisis Unsur Intrinsik

Kartu Data Analisis Unsur Intrinsik (Téma)	
1. Kode Data	: IK/1/1/20/2
2. Struktur Carita	: Téma
3. Cutatan Carita	: <i>Géng urang kudu ningalikeun baladna nu pinter, seukeut, jeung gesit. Baladna gé pan aktif dina pramuka, dina olah raga; bisa poli, bisa kasti. Urang gé teu tinggaleun ngaji, salian ti ulin jambaran téh. Kumaha lamun ngaranna... JAMPARING?" Saréréa ngahuleng na bet jamparing cenah asa teu nyambung jeung géng awéwé.</i>
4. Analisis	: Nilik kana penggalan paragraf diluhur, kapaluruh téma ngeunaan ieu carita kudu bisa ngahiji kana kaayaan, jeung kudu bisa silih rojong tina masalah nu aya.

Pengkodean analisis data di luhur dumasar kana unsur intrinsikna. Sangkan leuwih jéntré, keterangan *pengkodean* data baris dijéntrékeun di handap ieu.

Kode Data : IK/1/1/20/2

Keterangan : Kode IK nuduhkeun analisis Unsur Intrinsik

Kode 1 nuduhkeun Analisis Téma

Kode 1 nuduheun Runtuyan Data

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVÉLÉT "JAMPARING" KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kode 20 nuduhkeun Kaca Cutatan Carita

Kode 2 nuduhkeun Paragraf Carita

Kode anu aya dina struktur carita nyaéta (1) téma, (2) latar, (3), galur, (4) penokohan, (5) puseur sawangan, jeung (6) amanat dina novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé RéTTY Isnéndés.

2) Kartu Data Ajén-Ajén Sosial dina Novélét Rumaja *Jamparing*

Gambar 3.4

Conto Kartu Data Ajén-Ajén Sosial

Kartu Data Ajén Sosial		
1. Kode Data	:	
2. Ngaran palaku	:	
3. Ajén Sosial	:	
4. Cutatan Carita	:	
5. Analisis	:	

Gambar 3.3

Conto Kartu Data Ajén-Ajén Sosial

Kartu Data Ajén Sosial		
1. Kode Data	:	AS/1/2/33/11
2. Ngaran palaku	:	Lina
3. Ajén Sosial	:	Silih Bantu
4. Cutatan Carita	:	<i>Lina ngaluarkeun dompétna. “Ieu Lis, tadi udunan di jalan. Bisi kaselempek keur meuli ubar...” Duit lima las rebu diasongkeun. Elis ngabigeu. Cipanonna Ngeyembeng.</i>
5. Analisis	:	Nilik kana penggalan carita di luhur, kapaluruh ajén sosial ”Silih Bantu” nyaéta ngagambarkeun Lina ngarojong pisan kana kaayaan Elis anu keur butuh bantuan ti baturanana.

Pengkodean analisis data di luhur dumasar kana ajén-ajén sosialna. Sangkan leuwih jéntré, keterangan *pengkodean* data baris dijéntrékeun di handap ieu.

Kode Data : AS/1/2/33/11

Keterangan : Kode AS nuduhkeun analisis Ajén Sosial

Kode 1 nuduhkeun Ajén Sosial

Kode 2 nuduhkeun Runtuyan Data

Kode 33 nuduhkeun Kaca Cutatan Carita

Kode 11 nuduhkeun Paragraf Carita

3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.5.1 Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172), sumber data panalungtikan nyaéta subjék anu dipake pikeun data panalungtikan. Nurutkeun Siswantoro (2010, kc. 72), sumber data nyaéta subjék panalungtikan anu baris dianalisis. Subjék panalungtikan dina wangun sastra nyaéta téks-téks dina roman, novél, carpon, novélét, drama ogé puisi.

Data anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta unsur intrinsik anu ngawengku (téma, latar, galur, penokohan, puseur sawangan, jeung amanat). Tuluy, salian ti éta nganalisis ogé ajén-ajén sosialna anu ngawengku (gotong royong, silih bantu, rasa pikanyaah, kerukunan, méré naséhat, paduli kana nasib jalma séjén, resep ngado'akeun jalma séjén).

3.5.2 Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan ngagunakeun novélét rumaja Jamparing karya Chyé Rétyy Isnéndés, wedalan Wisata Lestari, citakan ka hiji Nopémber 2012, kandelna 44 kaca. Salian ti bahan ieu, data anu ngarojong kana prosés panalungtikan téh di antaranana aya buku, artikel, jurnal, jeung panalungtikan saméméhna nu aya patalina jeung ulikan struktural sarta ajén sosial/ sosiologi sastra.

3.5.2.1 Idéntitas Novélét Rumaja Jamparing

Judul : *Jamparing*


Pangarang : Chyé Rétyy Isnéndés

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVÉLÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Medal : Citakan ka-1 taun 2012
 Penerbit : Wisata Lestari
 Kaca : 44 kaca



Gambar 3.5

Jilid novélét rumaja *Jamparing*

Aya dua géng nu papaséaan, masing-masing ngawakilan sakolana. Nu sahari ti SMP Muhammadiyah ngaranna “Jamparing”. Kawentar ku kawanina jeung anggotana awéwé wungkul deuih. Hiji deui ti SMP Negri ngaranna “Bangbara”, ieu mah anggotana lalaku wungkul.

Ari bibit papaséaanna mah tina hal nu teu pira. Eta, pédah SMP Muhammadiyah mah lokasina dilingkung ku sawah, barudak SMP Negri téh sok moyokan “*Kong...kong borogododoooood*”, cenah. Atawa sok dipangawihkeun “*Bangkong ngajol ka sawah, wahai tukang bajigur...jsti*”. Nya teu tarima barudak Muhammadiyah téh, terus malik males ku “*Kok kok petoooookk!*” atawa “*Kongkorongoooookkk kéok, kéooook!*” cenah. Eta téh pédah lokasi SMP Negri deukeut pisan jeung peternakan hayang nu kaitung panggedéna di kacamatan.

Géng “Jamparing”, nu ngaran lengkepna “Jamparing Cinta” (JC), anggotana lima, Erin, Elis, Lina, Ela jeung Citra, narima surat tangtangan ti “Bangbara”. “Jamparing” narima éta tangtangan. Dina poé jeung tempat nu ditangtukeun, ieu dua géng téh adu hareupan.

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVÉLÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Naha “Jamparing” hasil ngéléhkeun “Bangbara”? Atawa sabalikna?

Ieu carita téh utamana ditujukeun keur para rumaja nu kiwari saeutik pisan bahan bacaan dina basa Sunda. Caritana Inspiratif tur actual, medar lalakon sabudereun dunya para rumaja.

3.5.2.2 Ringkesan tina Novélét Rumaja *Jamparing*

Dina hji carita, aya lima sobat awéwé. Maranéhna téh sakola di SMP Muhammadiyah di hji kacamatan di daérah Sukabumi. Ieu sosobatan téh dimimitian ti kelas hiji SMP seméster dua. Lima sobat awéwé ieu téh ngaranna Érin, Élis, Lina, Éla, jeung Citra.

Érin ngaran lengkepna nyaéta Érinawati. Cicirén ieu budak téh nyaéta ku geulisna jeung boga rambut anu saimbit. Dina damisna aya undur-unduran. Socana buleud sinaran. Taarna téja mentragan. Sorana téh meuni halimpu, komo lamun nuju ngaos. Awakna rék jadi, pendék henteu jangkung henteu, montok téh pokona mah. Érin téh salah sahiji kembang désa di Kacamatan Nagrak.

Tuluy aya nu ngaranna Élis, ngaran lengkepna nyaéta Élis Lisnasari. Ieu budak kaciri centil jeung gumeulisna. Rambutna ogé sok dikiriting di salon. Ciri awakna téh nyaéta pendék jeung démplon. Élis téh salah sahiji ti lima sobat anu sok seuri ngaramékeun. Di antara sobatna Élis mah geus kaitung sawawa. Élis téh geus loba pisan kana pangalamanna, sabab manéhna tukang ulin. Sakola ogé geus horéam, ceunah. Lamun sakola sok niron waé boh éta ulangan atawa PR ka si Citra. Komo di sakola mah sok nundutan waé, lantaran manéhna sok lalajo tipi atawa ngador.

Satuluyna aya nu ngaranna Lina, ngaran lengkepna Lina Nurliana. Ieu budak téh jangkung, ngan leutik. Cirina rambutna satonggong. Budak basajan tapi kacumponan sagalana, da nunggal. Jadi geus teu anéh deui lamun Lina mah sok ogo jeung ngambekan. Anu jadi cicirén ti Lina téh nyaéta uang jajanna seueur. Jeung ogé Lina osok nangkes atawa *traktir* jajan sobat-sobatna.

Citra, ngaran lengkepna Citra Nuryamsiah. Parawan hideung santen nu manis. Rambutna satonggong. Citra salah sahiji jalma nu tara loba omong tapi teu lungguh

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVELÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

deuih, panonna nu loba nyarita téh. Kabeukina téh osok maca buku. Citra osok dipoyokan ku sobat opatan éta “*Si Kutu Buku*”. Awakna jangkung begang can mararatut. Di antara sobatna, Citra pananya nu opatan.

Éla. Ngaranna téh meuni saeutik, é-él-a. Éla kaciri jalmana manis. Rarayna buleud siga bulan. Kabeukina imut jeung seuri, klop jeung si Élis, tapi si Éla mah tara héboh atawa seuri ngagakgak. Pokona mah ramé wéh lamun aya éta budak duaan geus seuri téh. Kabeuki Éla téh osok jajan balabala, duitna ménta ti si Lina, sakitu sakuna merekis gé da indungna boga usaha kurupuk asoy jeung karupuk lada.

Dina ieu carita téh, bapa Érin ngajabat jadi Kapala Sakola. Tuluy, dina kelas hiji saméster dua, bapana Érin téh ngumumkeun bakal aya acara lomba gerak sakacamatan. Sakola ieu téh ngirimkeun dua kelompok, nyaéta dua kelompok awéwé jeung dua kelompok lalaki. Lantaran si Citra pang jangkungna, ditunjuk wéh si Citra téh jadi komandan kelompok hiji.

Hiji waktu, Citra merhatikeun si Érin, Élis, Lina jeung Éla. Citra téh resep kana babarengan ieu. Tah didinya si Citra téh ngomong ka nu opatan rék ngajak kumaha lamun urang nga-géng. Citra téh didinya miboga rasa kareueus lamun misalkan ieu budak limaana téh ngabalad atawa ngagéng. Tuluy tidinya aya jawaban ti si Éla ngahayukeun saran ti si Citra lamun urang kabéhan téh ngabalad atawa nga-géng, ngan aya hiji pamikiran anu matak béda ti si Citra anu mimitian ngajak ka nu opatan ngabalad.

Tidinya, Éla, Lina, Élis, jeung Érin ngabujuk si Citra méh bisa ngahayukeun ogé lamun ieu limaana téh bakal jadi géng. Ngan si Citra méré peupeujeuh ka nu opatan lamun misalkan urang ngajieun géng tapi urang kudu jangji yén urang téh teu meunang macem-macem. Tah ahirna maranéhna téh sapuk kana omongan Citra anu teu meunang macem-macem. Jol wéh didinya ogé éta budak limaana téh ngepelkeun leungeun tuluy ngomong “Siiiiip, lah!”. Tah mimiti dimana ieu budak limaana téh nganyatu jadi géng. Ngan didieu acan meunang naon ngaran ieu géng téh.

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVELÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Hiji waktu, Lina datang kasakola bari mawa surat sacewir. Tah esui surat éta téh ti musuhna awéwé limaana ieu, ngan ti sakola anu béda. Ngaran génng anu méré ieu surat téh nyaéta BANGBARA, eusi surat ieu téh ngajak si Élis papanggihan di handapeun dapuran awi. Tuluy ieu génng BANGBARA téh nitah si Élis ngajak barudakna. Didinya barudak awéwéna téh ngahayukeun éta ajakan ti BANGBARA. Sanggeus kitu, saacan dihayukeun papanggihanna, ieu génng awéwé téh ngabales heula éta surat ajakan téh, tuluy tidinya ieu barudak awéwé téh nyieun ngaran génng, naon ngaran génngna téh? Tah ngaran génngna téh nyaéta JAMPARING. Naha bét ngaran génngna JAMPARING? Sabab, Citra rék nyieun ngaran génng ieu téh béda ti nu séjén, JAMPARING téh hartina *berani tampil béda*, sosobatan urang téh kudu bisa nepi ka tujuan, siga ayeuna urang ngirim balik surat ka BANGBARA sing nepi ka tujuan atawa sasaran, mun bisa mah nanceb kana haténa. Tuluy, tidinya aya saran deui ti Élis, Élis méré pendapat yén JAMPARING téh ditambahan deui kekecapanna jadi JAMPARING CINTA. Tidinya Élis, Érin, Éla, Citra jeung Lina satuju yén ieu génng téh ngaranna JAMPARING CINTA.

Sanggeus silih ngirim surat-suratan jeung BANGBARA, jol datang surat kalima nu dikirim ku BANGBARA nu eusina *JC, urang tepung di Tegalan Cigana, Wangun. Poé Minggu, tanggal jeung jamna kaunggel*. BANGBARA. Tah éta barudak limaana téh Badami, kudu kumaha nyikepan ieu tantangan téh. Tah ieu génng JAMPARING CINTA téh ménta tulung ka si Ajun jadi békingan ti génng JAMPARING CINTA. Tuluy génng JAMPARING CINTA ngajawab surat tangtangan ka lima ti BANGABRA, “*Tangtangan di jawab. Urang tepung poé Minggu, tanggal jeung jamna sakumaha nu kaunggel di Tegalan Ciganas, Wangun. JC hayang apal naha BANGBARA génng nu jéntel atawa borangan*”. Ttd. JAMPARING CINTA”. Saacan Lina méré ieu surat jawaban, Citra ngomat-ngomat ka Lina méh kahadé dina nepikeun ieu surat ka si Opéc.

Dina hiji waktu, saacan ieu génng JAMPARING CINTA jeung BANGABRA papanggihan aya hiji paristiwa atawa kajadian yén si Élis téh teu asup sakola. Barudak anu opatan téh teu ngeuh lamun si Élis teu sakola. Tuluy sanggeus bérés sakola ieu anu

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVELÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

opatan téh arék ngalongok si Élis anu awalna dikira si Élis téh geuring. Bring wéh balik sakola maranéhna mangkat anu opatan, saacan ka imahna Lina meuli roti jeung susu kaléng, bisi enya geuring, ceunah. Basa nepi ka imahna si Élis, nu dikira barudak téh si Élis nu geuring pék téh Bapana anu geuring, jadi roti jeung susu kaléngna nu dibeuli ku si Lina téh dibérékeun ka Bapana Élis. Tidinya Lina ngobrol jeung si Élis jeung ogé bari ngingetan lamun isukan téh kumpul di imah si Lina. Élis langsung megat omongan si Lina, jol wéh Élis téh ngomong “*Heeuh. Inget urang gé. Moal poho. Isukan ngumpul di Lina, lin? Jam salapan? Jam sapuluh urang tempungna? Si Ajun?...*”

Poé mingg isuk-isuk, jam salapan. Lina, Élis, Érin, Éla, jeung Citra geus siap-siap maké papakéan nu hadé. Dikaraos, dicalana panjang, maraké sapatu kéts. Anu biasana sirahna ditariung ayeuna mah henteu. Maraké topi ogé, méh kaciri barudak kota, ceunah. Saacan nepi ka tempat, ieu barudak téh mapay jalanna, tuluy aya obrolan ngabahas ngeunaan kuburan Kérkov. Tah Kérkov téh Tuan Tanah urang Walanda. Geuning di Nagrak loba turunan, kulitna nu barulé, atawa buukna nu pérang, awata irungna nu mancung, atawa nu panonna semu bulao atawa semu héjo. Eta téh cenah anak-anak nyai-nayi nu dikawinan ku Walanda, ku tuan Kérkov.

Sanggeus ngobrol ngeunaan Tuan Kérkov, ieu barudak JC téh cicing dihandap tangkal mahoni di Tegala Ciganas. Lima udak parawan ieu téh deg-degan haténa. Maranéhna ngintip jeung nalingakeun tanjakan. Hayang nyaho génng BANGBARA turun tina tanjakan. Jol wéh anu ngabrudul téh sora lalaki nu anyar begér. Diitung wéh ku si Érin, totalna aya tujuh jelma. Ieu barudak awéwé téh silih rérét, ngarasa hariwang. Haténa bener-bener soak. Tuluy barudak BANGBARA téh turun jeung nyamperkeun éta barudak JC. Sanggeus kitu, aya sora meuni Tarik “*Rempuuuuuuug wé, lahhhhh!*” tah tidinya génng JC téh parucet rarayna. Panonna ngulincer kana tanjakan néangan si Ajun jeung baladna nu rék nulungan.

Tidinya si Citra ngagorowok méré omongan ka génng BANGABRA ceunah teu éra ngarempug awéwé. Tuluy si Jalu nanyaan si Élis. Si Jalu nitah si Élis ménta hampura ka si Intan. Teu lila tidinya, si Ajun nu jadi békingan génng JC datang, jol ngobrol jeung

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVELÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

si Jalu nanyaan aya naon ieu téh. Pék téh tidinya langsung si Ajun nyairkeun suasana tuluy ngajakan éta génng BANGBARA téh ngilu ngajurak di imah si Lina. Sanggeus si Ajun ngobrol jeung ogé nyairkeun suasana méh teu paraséa deui, si Ajun téh cengkat ngajak ngarujuk téa di imah si Lina. Tuluy tidinya si Jalu nyampeurkeun si Citra, béja “*Punah!*”. Citra seuri jeung unggeuk. Maranéhna ahirna saralaman. Nu tadina paraséa jadi ayeuna datang ka imah si Lina ngarujuk babarengan.